

KISA JOU KAT JIYÈ VLE DI POU NÈG NWA

Ekstrè

Frederick Douglass

5 jiyè 1852

1. M ap kòmanse pa di onè ak respè pou Prezidan-an, tout Sitwayen ak Zanmi ki la-a, jodia:
Pou m te ka vin kanpe devan nou pou m fè diskou sa-a, mwen te fè de gwo rechèch epi, mwen te reflechi sou keksyon-an anpil. Mwen pa sonje yon jou tankou jodia nan tout vi m, kote mwen pwal pale, pou m santi m pa gen zam lan menm pou kòlte ak sijè yo mande m trete-a. Jounal ak piblisite ki poste nan lari di se mwen ki pwal fè diskou 4 jiyè-a. Men mesyedam, gen yon katafal distans ki separe estrad kote nou kanpe jodia, ak plantation kote mwen te chape pou l mwen anba fè lesklavaj. Pa gen pawòl ki ka fè moun konprann tray ak mizè yon moun ki sou rout pou soti nan soufrans lesklavaj pase pou l rive la-a. Prezans nou sou podyòm sa-a, jounen jodia, se yon kokennchenn mirak. Nou vrèman gen anpil rekonesans pou sa.
2. Jodia, nou ap selebre 4 jiyè. N-ap fete anivèsè endepandans peyi-w, epi libète politik w-ap jwi antan ke sitwayen. Jou sa-a pou wou, se tankou fèt Pak pou pèp Bondye-a. Dat jounen jodia fè-w tounen nan yon moman ke te yon jou delivrans pou ou. Selebrasyon sa-a make kòmansman yon lòt lane nan ekziztans peyi-a. Li fè n panse tou ke repiblik Pèp Ameriken fonde-a gen 76zan. Sitwayen, mwen kontan peyi w la jenn. Sa vle di, li toujou lan peryòd annanfans li. Mwen ap repete ankò m kontan se konsa li ye. Genyen anpil lespwa nan pawòl sa-a, e nap bezwen anpil lespwa anba peryòd difisil nou pral jwenn pi devan.
3. Sitwayen, gen 76 lane ki pase depi ke moun ki tap viv nan peyi sa-a te sou lòd ak otorite peyi Langletè. Lè sa-a, ekspresyon « pèp sovren » (ke nou ye jodia) pat ko alamòd. Ou te anba kouròn Britanik. Zansèt ou yo te konsidere gouvènman angle tankou yon manman gouvènman. Langletè, ke yo te rele metwopòl, menm si-l te

lwen tè sa-a, te enpoze anpil restriksyon, chay ak limitasyon sou koloni-l yo, ke li te twouve nòmral nan jijman pal tankou peyi swadizan avanse.

4. Men zansèt ou yo pa te kwè nan sistèm kote pawòl ak aksyon gouvènman se bagay pèp pa kapab keksyone. Yo te chwazi chimen jistis ak lasajès pou yo te fè fas ak restriksyon sa-yo. Yo te menm deklare ke aksyon gouvènman Metwopòl-la te yon enjistis, yon sitiyasyon ki pa tolerab e moun pa dwe aksepte l. Sitwayen, mwen pa bezwen di nou ke mwen dakò avèk Zansèt-Fondatè-w yo. Yo te santi ke tretman gouvènman Metwopòl-la te enjis, brital. Mesye sa yo se te de moun lespri ki te onètman chèche redrese sitiyasyon sa-a. Yo te fè petisyon pou dezapwouve atitud gouvènman santral-la. Yo te fè sa nan respè, lwayote ak diyite. Men otorite yo pat vle tandè. Yo te meprize yo, men yo pat dekouraje.
5. Opresyon, dominasyon se bagay ki fè menm moun ki gen sajès leve-kanpe. Zansèt ou yo te pèdi pasyans. Yo te vin wè tèt yo tankou viktim yon sitiyasyon tèlman grav ke yo pap jwenn solisyon an si yo rete anba peyi Langletè. Gason vanyan ap toujou jwenn solisyon nan sitiyasyon opresyon ak dominasyon. Se la ke lide separe koloni yo ak kouròn lan (gouvènman metwopòl-la) te pran nesans! Jodia, se konsa nou kapab wè-l. Te gen moun ki te timid, ki pa te dakò. Se avèk anpil enèji yo te ekspri dezakò ak opozisyon yo. Men, malgre tout bri, tout kont mal taye sou lide endepandans peyi-a, machin woulo revolisyon-an te desann pou l trennen tout rès peyi dèyè-l.
6. Jou ki te 2 jiyè 1776, ògan leta yo te rele Kongrè Kontinantal-la, poze yon aksyon ki te pale klè. Yo te fè desizyon sa-a pa dekrè. Jouska jounen jodia, mwen pa kwè nou janm ekri yon dekrè ki klè konsa : « Nou deside ke koloni yo genyen dwa pou yo vole ak zèl pa yo pou vini yon eta endepandan ; yo pa genyen okenn redevans anvè Lakouròn Britanik »
7. Sitwayen, Zansèt-Fondatè yo te pran yon bon desizyon. Yo te gen anpil siksè paske w ap jwi rezilta viktwè sa-a jounen jodia. Libète-a se pa-w li ye. Ou mèt fete jou sa-a

ak tout kè-w. Kat jiyè se premye gwo evenman nan istwa nasyon-w, yon pyès enpòtan nan fim devlopman destine w sou tè sa-a.

8. Fyète n antan sitwayen, lanmou pou peyi n avèk rekonesans fè nou fete jou sa-a. Kenbe l nan memwa-w. M-ap repete ankò: deklarasyon endepandans peyi sa-a se yon pyès enpòtan nan evolisyon destine w sou tè sa-a. Prensip ki nan dokiman sa-a sakre. Ou dwe respekte yo. Adopte yo nan lavi chak jou-w. Defann yo ak tout fòs ou, tout kote, devan tout detraktè ak tout atoufè.
9. Sitwayen, mwen pap mande w pa gen respè pou moun ki fonde peyi sa-a. Moun ki te siyen deklarasyon endepandans la te brav. Kokennchenn reyalizasyon sa-a merite admirasyon nou. Se te de moun ki te gen vizyon, yo te renmen peyi-yo e se te de bon patriyòt. Mwen vle pote kole avèk nou jodia pou onore memwa gason vanyan sa yo pou bon bagay yo fè ak sou prensip yo te kanpe yo.
10. Paske yo te renmen peyi yo, yo te bliye tèt e yo te fè enterè nasyon-an pase avan pa yo. Nou tout ap dakò ke se de kalite moun pa jwenn fasil kounye-a ; e nou dwe respekte sa. Yon moun ki pa pè mete vi l andanje pou peyi-l, se pa yon moun ou ka denigre. Zansèt nou yo te riske vi yo, lajan ak onè yo pou avanse kòz peyi yo. Paske yo te renmen libète, yo te pase tout enterè pèsònèl yo dèyè pou zafè peyi yo ka vanse.
11. Yo pa te de moun vyolan. Yo te prefere fè yon revolisyon trankil pase yo bese tèt devan gouvènman Langletè. Yo te de moun trankil men yo pat fè kapon devan opresyon. Yo te montre anpil moderasyon ak pasyans. Men tout pasyans gen limit. Yo te kwè nan peyi k gen lòd, pa lan tirani ak dezòd. Yo pat mache kole ak sa ki pat drèt. Mo pa yo se te jistis, libète, imanite ; yo pat dòmi leve ak diktati epi lesklavaj. Nou mèt onore yo. Yo te de kokennchenn sitwayen nan tan yo tap viv la. Kouraj ak detèminasyon yo fè nou wè kouman koripsyon, konpòtman imoral ak deblozay blayi nan sosiyete n-ap viv jounen jodia.

12. Tout zak yo poze te byen kalkile. Nou pa kapab di menm bagay pou politisyen nou yo. Zansèt nou yo te gen yon vizyon ki te klè tankou dlo kokoye, yon vizyon ki te wè devlopman nasyon an nan tan k-ap vini. Ba yo onè ak respè! Rekonèt yo te pase yon tray, rekonèt bèl kòz yo t ap goumen pou li-a, mezire kantite pwoblèm yo te rankontre. Zansèt-Fondatè repiblik sa-a, te mete sou pye yon sistèm ki grandi e ki kontinye ap devlope jodia ankò.
13. Jodia, n-ap fete gwo reyalizasyon sa-a. Nou kapab wè kontantman sitwayen yo. Tout moun konnen rezon ki fè zansèt yo te deside kraze yon kite sa ak gouvènman peyi Langletè. Nou aprann sa lekòl, nou pale de kòz revolisyon sa-a lakay nou, nou tandè yo nan diskou piblik, nan La Chanm. Nou tout fin konnen rezon ki sè yon fyète nasyonal. M-ap kite elòj sa yo pou lòt moun.
14. Jodia, mwen vle pale de tan prezan. Nou gen pou nou okipe pase sèlman lè li kapab ede nou konprann sa k-ap fèt kounye-a nan tan prezan epi sa k pwal fèt pita nan lavni. Tan kounye-a, se li ki enpòtan. Zansèt ou yo te viv, yo te fè travay yo e yo te fè-l byen. W-ap viv, e-w dwe fè sa-w gen pou fè. Ou pa kapab chita a-p pran kredi pou sa zansèt yo reyalize si pitit pa-w pa kapab jwi sa-w pwodwi. Se malonèt pou chita sou sa zansèt-w te fè pou cache parès ak dèyè lou ki fin anvayi-w.
- << Li kanpe pou l pran souf >>
15. Sitwayen, eskize-m si m-ap poze tèt mwen poukisa yo mande-m vin pale la-a jodia ? Kisa mwen menm ousinon moun mwen reprezante yo gen pou yo wè avèk endepandans national peyi sa-a ? Eske gwo prensip libète politik ak jistis nasyonal ki chita nan Deklarasyon Endepandans-la rive devan pòt lakay nou ? Eske yo mande-m vin temwaye devan lotèl nasyonal pou-m rekonèt benefis mwen jwenn nan sistèm sa-a epi eksprime gratitud pou tout benediksyon endepandans sa-a pote pou ras nou ?
16. Eske devan Granmèt-la, onètman, nou kapab reponn wi a keksyon sa yo ? Sa tap fè travay mwen fasil. Men se pa reyalyite nèg nwa nan peyi sa-a. Se avèk tristès mwen

wè katafal diferans ki blayi pami nou. Mwen santi-m pa fè pati gran fèt k-ap fete jounen jodia. Endepandans sa-a montre gwo diferans ki ekziste nan mitan nou.

17. Dwa, devwa ak benefis ou genyen jodia pa rantre lakay tout sitwayen nan peyi sa-a. Bèl eritaj jistis, libète, pwosperite ak endepandans Zansèt-Fondatè yo kite nan men-w, mwen pa jwi yo. Solèy ki te pote lavi ak gerizon pou w menm, pote mak koup frèt ak lanmò pou mwen. Kat jiyè sa-a se jou pa-w, se pa pa-m. Ou mèt fete. Se kriye mwen ta kriye. Pou w trennen yon nèg anchennen nan Kay libète-a pou w mande-l patisipe avek ou nan rejwisans sa-a, se yon zak san imanite, se pase moun nan tenten. Eske se te entansyon-w pou pase m nan tenten lè-w fè-m vin pale la-a.
18. Sitwayen, dèyè kokennchenn kontantman w-ap montre nan okazyon sa-a, mwen tandè soufrans, dlo nan je milyon frè-m ak sè-m ki nan chenn. Manifestasyon lajwa fèt sa-a, pote plis doulè nan zantray yo jodia. Si-m ta fè tankou-m pa wè soufrans yo, si-m ta lage kòm nan rejwisans, se tap yon trayizon devan Bondye ak leszòm.
19. Ebyen Sitwayen, mwen pral pale sou lesklavaj nan peyi Etazini. Mwen pral fè-w wè kouman yon esklav wè jou sa-a. Pandan-m kanpe devan-n, m-ap mete tèt mwen nan po yon sitwayen ameriken ki gen devosyon pou peyi-l. Mwen pap ezite deklare ak tout fòs mwen ke karaktè ak konpòtman peyi sila pan janm pi mal ke jan li ye jodia. Kit nou pran sa yo te di, ditan zansèt yo, ousnon gwo deklarasyon ak lide k-ap brase epi devlope jodia, fason nasyon-an mennen bak li nan lawont, se bagay ki pou revòlte moun. Lamerik pat sensè ak tèt-li nan tan zansèt yo, li toujou ap bay tèt li manti jodia ; e jan-l prale-a li pap janm jwenn ak verite-a.
20. Devan Letènèl, m-ap kanpe ak esklav k-ap senyen anba kout frèt. Lan non tout kretyen vivan, lan non libète pou frè-m ak sè-m yo, viktim ke w kenbe nan kòd pandan w kache dèyè La Bib ak Konstitisyon-an ke w-ap pase anba pye. Mete gason sou wou, ranmase kouraj ou pou denonse, ak tout fòs ou, tout sa k kenbe Lesklavaj, gwo peche sa-a ki plonje peyi-a nan fènwa ak lawont. Mwen pa pral vire tounen, mwen pa pral chèche ekskiz. Mwen pral itilize mo ki fò ak pawòl piman bouk pou

m pale avèk nou. Mwen konnen depi kè-w pa anvayi ak prejije sou ras ak koulè, ousnon si-w pa yon fanatik lesklavaj, w-ap tonbe dakò ak mwen.

21. Mwen tande moun nan asistans-la di se nan ka sa yo akòkòt zanmi abolisyonis mwen yo avèk m pa janm kapab fè yon bon enpresyon sou odyans-la. Si nou te brase lide plis pase nou denonse, si nou te eseye konvenk plis pase nou fè repròch, mesaj-la tap genyen plis chans pou-l pase. Men jan m-ap reponn : devan yon doktrin ki byen planifye, byen monte, pa genyen anpil bagay ou kapab defann. *Ki pwèn nan diskou kont lesklavaj ou ta renmen mwen diskite sou li ? Sou ki pati nan doktrin sa-a ou bezwen limyè ?*
22. Eske se pou mwen kòmanse pa demontre ke esklav-la se yon moun tankou tout moun ? Mesye ki vle lesklavaj yo deja rekonèt sa nan lwa yo pibliye yo. Yo rekonèt li, lè yo bay yon esklav pinisyon paske li dezobeyi lòd yo. Genyen swasanndouz (72) krim nan eta yo rele Vijini-an ke si yon nèg nwa fè krim sa yo, l-ap jwenn kondanasyon-l pou peyi san chapo ; alòske si se ta yon blan, sèlman de nan swasanndouz ka sa yo mennen pèn lanmò. Eske sa-a se pa rekonèt ke esklav-la se yon moun ki responsab?
23. Kòd lalwa nan zòn sid peyi-a plen atik ki defann moun montre esklav li ak ekri ; yo pare de gwo pèn ak amann pou sa. Lè-w ka montre-m menm lwa sa yo pou bèt nan patiraj, lè sa-a, n-p kòmanse debat keksyon si esklav se moun. Lè chen nan lari, zwazo nan syèl-la, bèt nan mòn, pwason nan lanmè epi tout lòt ensèk yo kapab distenge yon esklav avèk yon bèf, lè sa-a na kòmanse diskite si esklav la se yon moun !
24. Se yon bagay ki dròl, w-ap mande nou pou nou pwouve nou se moun alòske n-ap laboure tè, n-ap plante, n-ap itilize tout kalite enstriman pou-n bati kay, konstwi pon ak bato, travay avek aliaj metal, fè, kwiv, ajan ak lò. W-ap mande si nou se moun alòske n-ap li, ekri, travay nan biwo, fè biznis, travay tankou sekretè ; nou lan tout pwofesyon : avoka, dòktè, pastè, poèt, ekriyen, editè, oratè ak pwofesè lekòl ;

nou fè tou sa yon moun nòmral fè, nou fouye chache lò an Kalifòni, n-ap peche labalèn nan Oseyan Pasifik, nou gade bèt nan savann lan, nou viv, nou poze aksyon, nou panse, nou fè plan pou-n kapab òganize vin, nou fonde fanmi et sou tout sa, nou adore menm Bondye-a et nou genyen lespwa lavi etènèl apre lanmò. Apre tout bagay sa yo, w-ap mande m si m se moun tankou tout moun !

25. Eske ou ta vle m demontre-w ke lòm genyen dwa pou-l libe-libè ? Ke li kapab dispoze de tèt li jan l vle? Ou deklare epi admèt sa deja. Eske ou vle antre nan yon diskisyon sou kote ilegal lesklavaj? Eske enstitisyon yo rele lesklavaj-la se yon koze ki swiv yon lojik apa ? Eske rezon pou eksplike li chita sou yon aplikasyon degrenngòch prensip Lajistis ki fè-l difisil pou konprann ? Kijan aspè fisik mwen ta sipoze ye jodia, pou lè-m devan yon Ameriken blan, l-ap dakò ke libète se yon dwa natirèl pou tout kretyen vivan. Si-m ta fè sa, mwen tap pase tèt mwen nan betiz e anmèmtan mwen tap ensilte entèlijans pa-w. Pa gen moun sou tè sa-a ki pa konnen ke lesklavaj se pa yon bon bagay pou li.
26. Kisa ? Mwen dwe demontre se yon move bagay lè-w trete kretyen vivan tankou yon bèt, lè-w vòlè libète yo, lè-w fè yo travay san-w pa peye yo, lè-w ampeche yo gen relasyon ak lòt moun parèy yo, lè-w bat yo tèlman jiskaske-w make po yo, lè-w anchennen yo, ou vann yo tankou pake rad ou pa bezwen, ou separe yo de fanmi yo, ou rache dan yo, ou boule po yo, ou pa ba yo manje pou ka fè yo bese tèt devan mèt yo? Eske mwen dwe demontre ke yon sistèm ki chita sou san, salte ak polisyon se yon sistèm ki pa bon ? Non mwen pa pral pèdi tan ak kouraj mwen nan yon ekzèsis konsa.
27. Kisa ki rete pou-n pale ? Lesklavaj pas yon creyasyon Bondye ; tout pè ak tout pastè nan erè ? Lide lesklavaj menm se yon blasfèm. Sa k pa imen pa kapab sot nan Bondye! Kimoun ki kapab wè yon rezon nan koze sa-a ? Mwen pa kapab. Lè pou-n te pale de koze sa yo fini.

28. Nan tan kounye-a nou pa bezwen bèl lojik pou-n konvenk moun, nou bezwen bonjan mokri! O ! Si-m te ka pale nan zòrèy nasyon-an, mwen ta pran kont plezi avèk li. M tap fè-l anpil repròch, m tap pase-l nan tenten e m tap pale di avèk li. Pou sa, se pa limyè nou bezwen men bonjan dife ; se pa tan pou karès, se bonjan souke li ta merite souke. Nou bezwen yon tanpèt, yon loraj gronde, yon tranble latè. Nou bezwen touche sansiblite nasyon-an, fè-l pran konsyans kote-l ye, retire dra blan ki kouvri bagay lèd sa-a, louvri je sou ipokrizi ak je chèch sosiyete sa-a ; denonse krim nasyon sa-a devan Bondye ak lèzòm.

29. Kisa 4 jiyè reprezante pou yon esklav ameriken ? M-ap di : yon jou ki, pase tout jou, raple gwo enjistis ak move tretman lavi chak jou pote pou li. Nan je yon esklav, selebrasyon jodia se yon wont. Libète w-ap kleronnen byen fò jodia pa an akò ak lwa Pè Letènèl. Pou yon esklav, fyète nasyonal sa-a ki benyen nan vanite bat lestomak ak rejwisans montre kouman ou pa gen kè. Lè w-ap denonse diktatè, lè avèk yon je chèch w-ap pale de libète ak egalite se bagay pou fè moun ri. Lè-w lapriyè epi bay Bondye glwa, temwayaj rekonesans ak tout bèl pwosesyon nan lari; esklav la wè sa tankou yon desepsyon, yon disgras, yon aparans pou kouvri yon krim ki pa ta menm fè onè yon nasyon peple ak yon bann sovaj.

30. Pa gen yon nasyon sou tè sa-a ki pi koupab pase pèp ameriken nan pratik tètchaje mete san moun deyò ak koze lesklavaj. Ale kote-w kapab, chèche kote-w vle, vwayaje nan tou peyi despòt ak monarchy ki nan ansyen kontinan yo, pran tan-w pou chèche tout kote ki genyen enjistis, lè-w fin jwenn tout, konpare yo kòt-a-kòt ak sa nou pratike nan peyi sa-a ; nap fini pa dakò avèk mwen, Lamerik pa gen parèy nan zafè je chèch sou babari lesklavaj.

<< Li kanpe pou l pran souf >>

31. Biznis vann esklav ap mache byen, dokiman ki soti nan biznis sa-a pèmèt nou di ke kantite lajan yo peye pou yon nèg vrèman anpil kounye-a. Biznis sa-a blayi nan tout gwo vil nan plis ke mwatye eta nan konfederasyon-an. Se yonn nan enstitisyon fetich nou yo. Nan plizyè eta, komès sa-a vin anpremye nan fè moun vin rich. Yo

rele-l “Komès esklav anndan peyi-a” pou twonpe moun sou atosite ki asosye avèk mache esklav entènasyonal la.

32. Gouvènman nou an, depi lontan, denonse mache entènasyonal esklav la tankou yon trafik ekzekrab. Pou konbat epidemi sa-a, nasyon an depanse anpil lajan pou l kenbe yon tralye bato nan zòn kontinan afriken an. Tou kote-w ale nan peyi-a pa genyen okenn pwoblèm si-w pale de mache entènasyonal lesklavaj la tankou yon bagay ki pa bon, ki kont volonte Bondye ak lèzòm. Alòske pèp ameriken ap ensilte epi kondane moun ki foure tèt yo nan komès lawont sa-a sou plan entènasyonal, sitwayen nan peyi bòyisit k-ap fè menm vye komès sal sa-a ant eta yo pa jwenn kondanasyon yo e yo menm jije biznis la onorab.

33. N ap pran nòt ke sistèm politik ak relijyon ki etabli nan peyi Etazini bay komès esklav la bonjan jarèt. Genyen kote nou kapab wè fanm avèk gason alinye tankou ti kochon y-ap vann nan mache. Nou konnen gen peyizan ki gade bèt nan patiraj? Jodia mwen pral pale nou de moun ki veye moun. Yo viv nan tout eta sid yo kote lesklavaj boujonnen tankou dyondyon. Yo vwayaje nan tout peyi-a, yo konble tout rout nan peyi ak konvwa kretyen vivan. Nou ka wè machann moun sa yo, revòlè yo sou kote yo ; pa bliye frèt kach la, kouto et latriye. Y ap kondwi yon santèn fanm gason ak timoun soti depi nan Potomac pou rive nan mache esklav ki chita nan vil Nouvèl Òleyan. Yo pral vann klass moun enferyè sa yo angwo ousnon andetay selon volonte moun k ap achte yo. Se yo ki pral nanm plantasyon koton ak izin kote yo fè sik yo.

34. Obsève konvwa moun reziyen sa yo lè l-ap passe. Gade tou vakabon san kè k-ap kondwi gwoup-la. Tande kouman l rele kou yon bèt sovaj. Yon pakèt vye betiz ap sot nan bouch-li. Li pale ak anpil vyolans pou l entimide esklav ki deja tou pè kò yo ! Men gade vye granmoun sa-a avèk cheve gri plim-plim nan. Si-w kapab souple, voye je-w gade jenn manman sa-a, ak zepòl li deyò, k-ap kankannen nan yon solèy dife. O ! gade ti jenn fi trèzan sa-a ki gen dlo nan je-l ! L-ap kriye paske yo separe l de manman l. Konvwa-a ap avanse dousman. Chalè ak lapenn fin manje tout fòs

moun yo. Men yon sèl kou-w tande yon pakèt bri tankou yon fizi k-ap dechaje; ou tande bri chenn epi yon sèl rele anmwe ki k ap dechire kè-w! Bri w te tande-a se te frèt kòmandè-a, anmwe-a se ti fi trèzan an ak timoun-lan. Pwa timoun avec chenn yo te fè-l mache dousman ! Mak kout frèt sou zepòl li a fè l mache pi vit kounye-a.

35. Mache ak konvwa sa-a jouska Nouvèl Òleyan. Ale kote lavant esklav sa-a ap fèt. Gade ak pwòp je pa-w kouman yo enspekte mesye yo epi kouman britalman, yon montre tout pati prive medam yo pou achtè yo kapab wè sa y ap achte-a. Obsève kouman yo vann yo pa gwoup, moun sa yo pral separe atoujamè. Pa janm bliye rèl ak gwo tristès dlo lan je gwoup sa-a lè y-ap dispèse yo. Dim byen, sitwayen, ki kote anba syèl ble sa-a ou ka wè yon sèn ki pi dyabolik. Se yon skandal! Mezanmi, n ap pale la-a de mache esklav, jan nou konnen l, nan peyi Etazini kote yo di yo respekte dwa moun.

36. Se nan sikonstans sa yo je m te wè solèy. Pou mwen, komès esklav an Amerik se yon reyalyte brital. Machann kretyen vivan san koutya anpile viktim yo, anchennen, nan yon gwo depo nan vil Baltimò. Lè yo genyen yon bon gwoup, yo lwe yon bato pou yo transpòte yo Mobil ousnon Nouvèl Òleyan. Yo fè yo mache de prizon jouska bato-a pandan lannwit. Nan fènwa-a, mwen toujou tande bri chenn yo lè y-ap pase devan pòt kay mwen.

37. Sitwayen, trafik asasen sa-a blayi kò l lan peyi-a. Lè-m chita m-ap panse, mwen wè yon tralye pousyè k ap leve sou chimen tristès ki mennen nan sid peyi-a, mwen wè mak pye plen san. Mwen tande manifestasyon kontantman mesye ki sou rout pou y-al achte nan mache-a, kote y-ap vann moun oplizofran tankou yo vann chwal, kabrit ak kochon. Mwen wè tou, kote san pitye yo separe fanmy pou satisfè kapris ak renmen lajan moun k ap achte ousnon vann. Bagay sa yo ap rache kè m.
<<li kanpe pou l pran souf>>

38. Men genyen yon bagay ki pi lèd, pi makawon ke-n ta renmen pale. Gen pa plis ke de lane, Kongrè ameriken pase yon lwa ki nasyonalize lesklavaj. Lwa sa-a ke nou

konnen sou non Mason & Dixon jwenn apwouval nan kat kwen peyi-a. Leta New York vin tankou leta Vijini. Pouvwa kèk nan yo te genyen , mwen vle pale de dwa yo genyen pou yo posede, chase, epi vann fanm, timoun ak gason vanyan tankou esklav blayi nan tout peyi e nou kapab di lesklavaj se yon enstitisyon nan tou Etazini kounye a.

39. Pouvwa sa-a fè yon sèl ak drapo-a epi ak Legliz nan peyi-a. Kote yo ye, w-ap jwenn vakabon atoufè k ap achte ousnon k-ap vann esklav. Kote lwijanboje sa yo ye, lavi nèg nwa pa gen valè. Yo se jibye pou chasè. Lwa moun fou sa-a mete libète ak lavi chak moun andanje. Tèritwa repiblik-la tounen yon teyat kote yo fè chasalòm.

40. Senatè ak Depite nan Kongrè peyi-a òdone tout sitwayen pou yo pratike spò enfènal sa-a. Prezidan an ak minis zafè lòdbò dlo menm di w ke w dwe konsidere koze malonèt sa-a tankou yon devwa pou bèl gran peyi-w la. Nan de dènye lane ki sot pase la-a, pa pi piti ke karant ameriken tonbe nan chenn kote y-ap bat yo epi y-ap fòse yo travay. Genyen ladan yo ki gen madanm ak pitit ki te konte sou yo pou manje chak jou. Men, sa pa empòtan. Dwa atoufè machann esklav pi fò, pi sakre pase dwa natirèl moun genyen pou marye. Dwa mesye sa yo genyen, pi fò pase tout dwa nan peyi-a, menm devan Letènèl.

41. Pa gen jistis pou nèg nwa an Amerik, relijyon pa wè yo nan gwo liv la. Yo pa menm konsidere yo tankou kretyen vivan. Règleman sou esklav mawon pa ba yo okenn chans ; li menm rekonpanse jij ki kondane yo. Yon jij ameriken touche di dola pa tèt esklav li retounen bay mèl li alòske li recevwa sèlman senk dola si-l pa rive tounen yon mawon bay pwopriyetè-l. Temwayaj de atoufè ase pou voye yon bon vye grenn nèg nwa nan lanfè tètchaje lesklavaj. Pawòl li pa gen valè. Li pa kapab mennen moun pou temwaye pou li nan tribinal. Lajistis nan peyi Ameriken bay yon sèl pati dwa pou-l pale, men li toujou pran pati pou moun k-ap fè abi yo.

42. Nou vle verite sa-a sikile nan peyi-a. Kite nouvèl la gronde sou tout latè. Otorite nan peyi Ameriken di yo pa vle wè tyran k-ap fè moun abi, yo di yo pa dòmi kole ak

monachi, yo fè pwopagann yo se pitit Bondye, yo bay sitwayen yo anpil valè. Y-ap mache di yo kreye demokrasi. Men nan sistèm jistis la, plen jij ki pa kache yo pran lajan anba tab nan jijman sou dwa kretyen vivan genyen pou yo gen libète yo. Yo menm tande sèlman moun ki pote akizasyon-an. Akize yo pa gen lapawòl!

43. Se yon vyolation grav nan prensip administrasyon lajistis lè, davans, ou fè aranjman pou kofre moun ki san defans. Lwa sou esklav mawon sa-a pa gen parèy li nan listwa lajistis lè gen aranjman degrenngòch davans pou kondane kretyen vivan ki inosan.

<<li kanpe pou l respire>>

44. Pèp amriken ! Sistèm Politik nou genyen nan repiblik la ak tout enstitisyon yo rele Legliz la pa kanpe sou anyen serye. Nou di nou se chanpyon libète, nou se yon sivilizasyon ki siperyè, nou di se nou ki vrè Legliz-la ; men pandan tan sa-a, tout etablisman politik peyi-a gonfle venn li pou l kenbe twa milyon sitwayen l nan lesklavaj. Pandan n-ap pale fò pou-n denonse sistèm rèn ak rwa ki chita nan peyi Larisi ak Lotrich, pandan n-ap bat lestomak nou avèk fyète sou bèl demokrasi ki blayi nan peyi isit, menm nou menm sa-a dakò pou-n pote kole e pwoteje bouwo nan leta Vijini ak Karolin.

45. Ou louvri pòt pou moun ki viktim e k ap kouri pou move tretman opresyon nan lòt peyi, ou ba yo tout onè nan deblozay bèl fèt, w-aplodi yo, ou ba yo gwo salitasyon, ou menm ba yo lajan...anpil lajan ; men moun k ap kouri pou move tretman nan peyi-w, ou pouswiv yo, ou fè rechèche yo, w-arete yo, ou tire sou yo epi touye yo. Ou tankou yon zetwal k ap briye tèlman w sivilize, tèlman w gen bèl edikasyon. Men ou kenbe yon sistèm tètchaje, degrenngòch k-ap sal karaktè yon nasyon, yon sistèm ki pran nesans nan lanmou lajan, yon sistèm ki ba w yon fyète mal plase, yon sistèm ki fòse moun bat epi maltrete kretyen vivan.

46. Ou pran anpil lapenn lè Lawongri tombe. Otorite ak tout lòt oratè nan peyi-a pale anpil sou istwa rache kè sa-a, jouska s ke pitit peyi-a pran zam pou yo ale konbat

moun k ap mete opresyon nan peyi sa-a. Men lè nou ap pale de bann a latriye move tretman nèg nwa ap sibi nan peyi-a, ou fòse moun fèmen bouch yo, epi sa ki pèdi pye yo pou denonse sa, ou trete yo tankou lènmi nasyon-an. Ou se premye pou kanpe lè yo pale de libète pou peyi Lafrans ak Lirlann ; men ou vin frèt kou mab lè yo pale de libète pou esklav nan peyi isit.

47. Pandan w ap fè bèl diskou sou travay ak diyite, w ap kenbe yon sistèm ki mete yon dezonè sou fòs-kouraj kretyen vivan. Ou brave tou lame Langletè pou pa peye yon taks twa santim sou komès te, alòske w-ap eksplwate san limit travay nèg nwa nan peyi w. Ou klame tout kote « Bondye krete tout kretyen vivan sou latè ak menm san e li òdone yo pou yo renmen yonn ak lòt » ; la-a tou ou gen yon lòt politik : ou pa vle wè kretyen vivan ki pa gen menm koulè po avèk ou.

48. Ou deklare devan le mond antye, e yo kwè w lè w di konsa : « Verite sa yo pa negosyab, tout kretyen vivan egal-ego. Letènèl bay yo yon seri de dwa ke pèsonn pa kapab retire ; pami yo nou ka site dwa pou yo viv, dwa pou yo lib, epi dwa pou yo chèche lavi dous ak kè kontan. Men la ankò-w gen yon lòt atitud, ou kenbe nan kòd yon bon kou sitwayen e sitiyasyon yo, dapre Toma Djefèsonn, pi tèrib ke sa-k te fè zansèt ou yo leve kanpe pou yo goumen kont Langletè.

49. Sitwayen, se la m ap kanpe sou koze enkoyèrans degrenngòch sistèm peyi-a. Ekziztans enstitisyon yo rele lesklavaj la fè peyi sa-a sanble yon repiblik po-bannann. Dwa pou kretyen vivan n ap pale-a se yon blòf, epi Legliz ap bay tè-li manti. Sitiyasyon sa-a sal imaj peyi-a aletranje. Li blayi koripsyon pami politisyen yo. Li kraze fondasyon Legliz nan peyi-a. W ap fè zòt peyi ri w, pase-w nan tenten.

50. Se bagay lèd sa yo ki nan gouvènman-an ki fè peyi w la vin pi frajil. Li ampeche-w pwogrese, li se lènmi devlopman, li pa zanmi edikasyon, li pèmèt yon fyète mal plase pran rasin. Li ankouraje krim ak vis e li se yon malediksyon pou peyi-a; men ou kole ladan l tankou se sèl espwa devlopman, sèl mwayen pou viv. M ap mete nou angad! Genyen yon vye bèt nan zantray nasyon-an. Bèt lanfè sa-a ap pran jarèt nan

jenn repiblik la. O non Granmèt la, retire kò w anba satan sa-a, kanpe lwen bèt lèd sa-a, epi bay ven milyon kretyen vivan libète yo ajamè!

51. Men anfèt, tout sa nou fin denonse la-a jwenn repons li deja nan Konstitisyon peyi-a ki garanti lesklavaj epi prevwa menm pinisyon pou-l kenbe-l djanm. Dwa pou gen esklav epi pou trake yo lè yo mawon ekri nwa sou blan nan manman lwa (Konstitisyon) peyi-a. Se Fondatè yo, zansèt respektab e respektè ki te kouche lwa sa yo sou papyè. Enben, jodia, m-ap di malgre tout bon bagay mwen sot di sou yo, zansèt-w yo se te yon bann atoufè, ke moun pa janm wè nan listwa kretyen vivan sou latè. Se yon pawòl nou pa kapab kache e se yon konklizyon nou pa kapab evite. Men opinion mwen pa menm avèk moun ki akize sèlman zansèt Fondatè yo. Mwen kwè nan ka sa-a y-ap sal memwa Fondatè yo. Mwen kwè anpil lòt moun travay pou debarase manman lwa peyi de pati ki sipòte lesklavaj
<< Li fè yon kanpe pou l pran souf >>

52. Pèmèt mwen di pou-m fini, malgre tout vye koze mwen pale jodia, mwen pa pèdi lespwa pou peyi-a. Genyen anpil travay k-ap fèt e lesklavaj ap fini pa kaba. M-ap fini diskou sa-a jan mwen te kòmanse l ak anpil lespwa. Gwo prensip ki ekri sou lavi kretyen vivan nan manman lwa peyi ap banm kouraj, mwen gen anpil asirans tou, lè-m gade kijan bagay yo chanje pandan lane pase yo. Peyi yo pa genyen menm relasyon yo te genyen lontan desa. Nan pwonon yon nasyon ki kapab viv pou kò l, ki kapab kenbe menm prensip lwa Fondatè-l yo san l pa fè echanj ak lòt bò dlo.

53. Bagay konsa pa ka fèt ankò. Genyen de gwo chanjman k ap fèt nan kouman kretyen vivan viv sou latè. Vil fèmèn mwayennaj yo ak prèske tout wayòm yo ap disparèt. Komès ak biznis kaba baryè ki te pwoteje pi gwo vil yo. Entèlijans lèzòm ap blayi pwogrè nan kat kwen latè. Nou ka wè sa nan envansyon anpoul elektrik epi machin-a-vapè. Lanmè pa separe kontinan ankò, li pèmèt nou vwayaje nan peyi sa yo pi fasil. Soti nan vil Boston pou al a Lond, kapital peyi Langletè, se tankou-w ale nan kwazièr pandan yon wikenn. Distans yo vin pi kout. Sou yon bò Loseyan Atlantik, ou ka tande brase-lide k-ap fèt sou lòt bò-a. Pou-m fini mwen vle repete yon pawòl

ki sot nan bouch yon gwo zanmi nèg nwa, m-ap pale de abolisyonis William Lloyd Garrison. M-ap envite nou repete avèm:

Tout Ak volonte Bondye, san kretyen vivan

Moun Gen pou-l sispann koule!

Sou tout Latè mesaj lanmou an gen pou-l gaye.

Fratènite ak lapè pral blayi pou fè bliye tout vye zak.

Vi chen-manje-chen pral vole pou peyi san chapo;

Jou sa-a, tout goumen ap kanpe

Tout lènmi ap tounen yon bon zanmi.